

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sastra mangrupa kagiatan kréatip manusa. Sastra ogé mangrupa gambaran peradaban manusa. Maju atawa henteuna hiji bangsa bisa dititénan tina aprésiasi jeung ngajén kana karya sastra anu aya dina jamanna. Sastra dianggap salaku gejala sosial sabab sastra nu aya dina waktu nu tangtu bakal raket patalina jeung norma sarta adat istiadat nu tumuwuh dina jamanna.

Dina kamekaran studi sastra aya tilu kagiatan sastra kayaning tiori sastra, kritik sastra jeung sajarah sastra. Éta kagiatan téh tujuanna pikeun ngébréhkeun pangalaman tina hal sastra. Lian ti éta, ieu tilu bidang téh (tiori sastra, kritik sastra jeung sajarah sastra) teu bisa dipisah-pisah (Wellek&Warren, 1989:39). Téori sastra moal mungkin disusun lamun teu maké kritik sastra jeung sajarah sastra. Kitu ogé tiori sastra moal mungkin nyusun sajarah sastra lamun teu maké kritik sastra jeung sajarah sastra. Dina studi sastra, karya sastra mibanda adegan nu ajeg salaku sistém ajén (Wellek & Warren, 1989:42). Hartina, kagemblengan ma'nana teu bisa dipedar terus-terusan salaku ma'na nu dimaksud ku pangarang dina jamanna tapi mangrupa tambahan ajén sapanjang sajarah kritik sastra ti mangpirang pamaca dina jaman anu béda. Karya sastra baris jadi objék éstétika lamun dibéré ma'na ku pamacana (Teeuw, 1984:191). Prosés ngama'naan karya sastra ieu disebutna kritik sastra (Pradopo, 1995:106) nu salasahiji carana nya éta ku cara analisis sangkan karya sastra bisa dipaham jeung diajén sacara merenah.

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi kana dua rupa, nya éta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modern (Syamsuri & Koswara 2001: 2). Génré sastra Sunda buhun (klasik) di antarana carita pantun, wawacan, sisindiran, kakawihan, jeung wayang, sedengkeun génré sastra Sunda modern di antarana sajak, carpon, novel jeung roman.

Salasahiji metode pikeun nafsirkeun atawa mesek karya sastra nya éta metode dékonstruksi. Metode ieu minangka metode paling mutahir pikeun nafsirkeun téks dina karya sastra. Fungsina teu ngan ukur néangan ma'na tapi bisa

ngawada, ngabongkar atawa nyulayaan ma'na. Hal ieu mangrupa kagiatan maca kritis nu bebas pikeun néangan téks nu kontradiktif jeung maksud pangarangna tapi ogé pikeun nyiptakeun ma'na anyar nu sipatna plural.

Hukum ingkar filsafat mangrupa konsép asal dekonstruksi. Ieu hal mangrupa buah pikir Derrida, salasihiji filsuf penting dina abad ka-20 jeung ka-21. Metode atawa maca dékonstruksi taya lian ti néangan kagagalan, kasalahan nepi ka éta karya téh teu sampurna tina bebeneran atawa konvénsi tunggal nu salila ieu jadi puseur (Isnendes 2010:35). Dina metode dékonstruksi aya prosés ngaruntuhkeun susunan hierarki tina hiji struktur téks. Ieu hal téh pikeun ngamunculkeun atawa ngahirupkeun kakuatan ma'na anu nu nyumput jeung nyangkaruk di satukangeun téks.

Saperti nu dipedar di luhur, carpon téh mangrupa salasihiji genré sastra Sunda modérn. Carpon mangrupa wacahan tina carita pondok. Numutkeun Iskandarwassid (2010, 113) carpon, nya éta carita karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun prosa, lancaran naratif. Galur caritana relatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisode” palakuna ogé nu ukur dua atawa tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh relatif pondok. Umumna mah jejer, latar (setting) jeung kajadian téh diolah tina kahirupan kiwari.

Dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna katitén aya ma'na-ma'na nu nyamuni di satukangeun téks. Lian ti éta, pamikiran-pamikiran unik nu nyangkaruk (ngarempak konvénsi di masarakat) dina kagemblengan struktur carponna. Tujuan dékonstruksi nya éta ngungkab oposisi-oposisi hierarkis implisit nu aya dina téks (Al-Fayadl, 2012:80). Dékonstruksi miboga pancén pikeun ngabongkar struktur sangkan manggihan ma'na anyar nu nyamuni di satukangeun téks lain pikeun ngawada atawa nyingkahan struktur. Sanajan kitu, dina enas-enasna mah metode dékonstruksi bisa dipaké pikeun ngaguar unggal téks karya sastra, boh nu dianggap ‘penting’ boh nu dianggap ‘kurang penting’ atawa ‘teu penting’ tur taya patalina jeung struktur dina karya sastra. Misalna baé maluruh ma'na dékonstruktif dina téks *catatan kaki (footnote)*, panganteur, gambar jeung warna jilid, atawa jumlah kaca. Ku lantaran kitu, dina pajemuhan

ulikan sastra postmodern kiwari kaasup sastra Sunda, kalungguhan analisis dékonstruksi téh dianggap penting.

Dina ulikan basa jeung sastra Indonesia, panalungtikan karya sastra dumasar kana metode dékonstruksi téh geus aya nu ngalaksanakeun, misalna baé buku *Analisis Wacana: Dari Linguistik sampai Dékonstruksi* (Aminuddin, 2002) nu tadina mangrupa makalah nu judulna “*Pendekatan Pasca-Struktural; Jacques Derrida*, aya ogé skripsi S1 Jurusan Pendidikan Bahasa Indonesia FPBS Universitas Pendidikan Indonesia nu judulna “*Kajian Dekonstruksi Novel Kerudung Merah Kirmizi karya Remy Sylado sebagai Bahan Pembelajaran Apresiasi Sastra di Sekolah Menengah Atas*” nu disusun ku Ubaidilah Muchtar. Kitu deui dina ulikan basa jeung sastra Sunda, panalungtikan karya sastra ngagunakeun metode dékonstruksi geus aya nu ngalaksanakeun, upamana baé makalah anu judulna “*Ngama’naan Pamikiran Panyajak Godi Suwarna tina Karyana “Si Ujang Eueut Cikopi”*: Analisis Dékonstruksi” nu disusun ku Chye Retty Isnendes tur ngajanggelek dina bukuna *Kajian Sastra Aplikasi dan Kritik Pada Karya Sastra Sunda dan Indonesia* (2010). Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI anu nalungtik karya sastra maké teori dekonstruksi kaitung saeutik. Ngan aya skripsi Deni Hadiansah nu judulna *Novel Mercedes 190 Karangan Muh. Rustandi: Interpretasi Dekonstruksi*.

Pikeun ngajembaran panalungtikan karya sastra dumasar kana metode dekonstruksi, diayakeun panalungtikan anu objekna kumpulan carpon anu judulna *Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna*. Ku kituna, ieu skripsi dibéré judul *Analisis Dekonstruksi dina Kumpulan Carpon Serat Sarwasatwa Karya Godi Suwarna*.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karangan Godi Suwarna mangrupa salasahiji wanda carpon dina kasusastraan Sunda. Carponna loba nu ngandung pamikiran-pamikiran unik (ngarempak konvénsi di masarakat) nu nyangkaruk dina kagemblengan struktur carponna.

Ku kituna, dina nalungtik Kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* baris diwatesanan yén anu dianalisis maké analisis dékonstruksi téh nya éta ma'na dékonstruktif judul, tokoh jeung panokohan, sarta puseur implenganna, sarta indikator-indikator mikir dekontruksi dina carpon karya Godi Suwarna dumasar kana ma'na dékonstruktif judul, tokoh jeung panokohan, puseur implengan, latar sarta galurna.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu nyusun ngarumuskeun masalah saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha judul-judul carpon nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi?
- 2) Kumaha tokoh-tokoh carpon nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi?
- 3) Kumaha puseur implengan carpon nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi?
- 4) Kumaha latar carpon nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi?
- 5) Kumaha galur carpon nu aya dina kumpulan carpon *Serat Sarwasatwa* karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi?
- 6) Kumaha indikator mikir dékonstruktif Godi Suwarna dina kumpulan carponna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngawanohkeun jeung méré pangaweruh ngeunaan metode dekonstruksi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidentifikasi jeung ngadeskripsikeun:

- 1) judul-judul carpon nu aya dina kumpulan carpon Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi;
- 2) tokoh-tokoh carpon nu aya dina kumpulan carpon Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi;
- 3) puseur implengan carpon nu aya dina kumpulan carpon Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi;
- 4) latar carpon nu aya dina kumpulan carpon Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi;
- 5) galur carpon nu aya dina kumpulan carpon Serat Sarwasatwa karya Godi Suwarna disawang tina jihad dékonstruksi;
- 6) indikator mikir dékonstruktif Godi Suwarna dina kumpulan carponna;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat teoritis pikeun ngajembaran pangaweruh ngeunaan analisis dekonstruksi dina widang sastra

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis pikeun méré gambaran kumaha nganalisis atawa ngulik karya sastra hususna carpon maké analisis dekonstruksi sarta ngeuyeuban hasil ulikan (teori jeung kritik) sastra Sunda.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta salasahiji puseur panitén pamikiran anu bebeneranana bisa ditarima ku panalungtik. Sipat bebeneranana éta satuluyna dihartikeun ogé ku panalungtik pikeun ngarumuskeun hiji atawa leuwih hipotésis anu dianggap bener saluyu jeung panalungtik.

- 1) Carpon mangrupa salasahiji wangun karya sastra wangun lancar;
- 2) Analisis Dékonstruksi mangrupa istilah nu dipaké pikeun nyebut cara; metode maca (nafsirkeun jang ngama'naan) teks sastra atawa filsafat dumasar kana paham filsuf Derrida.
- 3) Karya sastra (kaasup carpon) anu dijerona aya pamikiran-pamikiran radikal, mahiwal, unik, anéh tur ngajungkir balikkeun konvénsi-konvénsi nu hirup di masarakat luyu lamun dianalisis maké metode dékonstruksi, lantaran metode dékonstruksi mangrupa metode anu tujuanna ngahirupkeun kakuatan-kakuatan nu nyumput di satukangeun téks.

1.6 Raraga Teori

Téori-téori anu dipake dina ieu panalungtikan, ngawengku téori-téori ngeunaan métodologi panalungtikan (sastra), carpon jeung analisis dékonstruksi.

Téori ngeunaan métodologi panalungtikan (sastra) dipaké pikeun nétélakeun deui metode jeung tehnik naon nu digunakeun tur kumaha larapna dina ieu panalungtikan. Buku-buku anu jadi sumberna, nya éta *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra* (Ratna, 2004), *Prosedur Penelitian* (Arikunto, 1998).

Téori-téori ngeunaan carpon dipaké pikeun nétélakeun deui perkara carpon jeung kumaha cara maluruh strukturna. Buku-buku anu jadi sumberna, nya éta *Pedaran Basa Sunda* (Sumarsono, 1986), *Teori Kesusastraan* (Wellek & Warren, 1989), *Kamus Istilah Sastra* (Iskandarwassid, 1992), *Racikan Sastra* (Koswara, 2009), *Sastra Sunda Sausap Saulas* (Durahman, 1991), *Teori Pengkajian Fiksi* (Nurgiyantoro, 1994).

Téori-téori ngeunaan analisis dékonstruksi dipaké pikeun ngaguar kumpulan carpon Serat Sarwasatwa maké analisis dékonstruksi, buku-buku anu jadi sumberna, nya éta *Analisis Wacana: Dari Linguistik sampai Dékonstruksi*

(Aminuddin, 2002), *Derrida* (Al-Fayadl, 2012) nu medar ngeunaan metode dekonstruksi, *Kajian Sastra Aplikasi dan Kritik Pada Karya Sastra Sunda dan Indonesia* (Isnendes, 2010), sarta *Penafsiran Teks Pengantar Kritis kepada Teori dan Prakter penafsiran Sastra* (Newton, 1989), *Beginning Theory Pengantar Komprehensif Teori Sastra dan Budaya* (Barry, 2009).

